

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Tina hasil panalungtikan anu aya di BAB IV, dina ieu panalungtikan ngahasilkeun kacindekan yén kamampuh maca aksara Sunda siswa kelas X-C SMA Negeri 2 Bandung Semester Genap Taun Ajar 2023/2024 saméméh maké média *wordwall* kaasup kana kategori kurang katitén tina rata-rata peunteunna nyaéta 53,42. Satuluyna kamampuh maca aksara Sunda siswa kelas X-C SMA Negeri 2 Bandung Semester Genap Taun Ajar 2023/2024 sanggeus maké média *wordwall* kaasup kana kategori hadé katitén tina rata-rata peunteunna nyaéta 82,4.

Aya béda anu signifikan tina hasil kamampuh maca aksara Sunda siswa kelas X-C SMA Negeri 2 Bandung Semester Genap Taun Ajar 2023/2024 saméméh jeung sanggeus maké média *wordwall*, kalawan rata-rata peunteun kamampuh awal jeung kamampuh ahir anu hasilna 53,42 ngaronjat jadi 82,4. Hal ieu jadi bukti yén média *wordwall* mampuh ngaronjatkeun kamampuh maca aksara Sunda kalawan bédana 28,98.

Bédana nilai saméméh jeung sanggeus maké média *wordwall* bisa ditilik tina aspék aksara swara, hasil siswa ngaronjat 11%. Satuluyna, aya aspék aksara ngalagena anu hasil kamampuh awalna 59% ngaronjat jadi 86%. Ku kituna, bisa katitén yén nilai ngaronjat 27%. Lian ti éta, aya ogé aspék angka dina aksara Sunda tina hasil kamampuh awal ngahontal 48%, sedengkeun dina kamampuh ahir ngahontal 79%, jadi aya nilai nu ngaronjat 31%. Aspék larapna rarangkén aksara Sunda kana wangun kecap anu hasil kamampuh awal siswa téh 49% dina kamampuh ahirna 82% ku kituna, aya nilai anu ngaronjat 33%. Pamungkas, aya aspék kalimah basajan dina aksara Sunda nu hasil kamampuh awalna 49% jeung kamampuh ahirna 76%. Nilai siswa ngaronjat 27% ieu miboga harti, yén siswa geus mulai bisa maca aksara Sunda dina wangun kalimah basajan. Ditilik tina hasil kamampuh awal jeung ahir siswa bisa katitén yén saméméh maké média *wordwall* kamampuh maca aksara Sunda siswa masih kénéh asor dina aspék aksara ngalagena, angka, larapna rarangkén dina kecap, jeung wangun aksara

Sunda dina kalimah basajan. Sanggeus maké média *wordwall* sakabéh aspék ngaronjat dina aspék aksara swara, ngalagena, angka, larapna rarangkén dina kecap, jeung aksara Sunda dina wangun kalimah basajan.

Tina hasil kamampuh awal jeung kamampuh ahir anu diuji téh ngahasilkeun nilai $Z = -5,178$ jeung nilai Asymp. Sig. (2-tailed) nyaéta $0,000 < 0,05$ hartina aya béda anu signifikan antara hasil kamampuh awal jeung kamampuh ahir. Ahirna bisa dicindekkeun yén média *wordwall* bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa kelas X-C SMA Negeri 2 Bandung Semester Genap Taun Ajar 2023/2024 dina maca kalimah basajan aksara Sunda.

5.2 Implikasi

Média *wordwall* pikeun ngaronjatkeun kamampuh maca siswa dina aksara Sunda meunangkeun respon anu hadé, boh ti guru atawa ti siswana langsung. Média interaktif ieu téh mampuh numuwuhkeun sumanget diajar siswa kana aksara Sunda anu dinilai hésé ku siswa. Média *wordwall* méré suasana pangajaran anu leuwih aktif jeung pikaresepeun pikeun siswa, ku sabab ieu média ditampilkeun dina wangun *game* anu rupa-rupa jadi siswa leuwih gampang maham aksara Sunda. Lian ti éta, respon ti guru basa Sunda sorangan kairut pikeun nerapkeun ieu média *wordwall* di kelas sapuluh séjénna.

Aya sawatara faktor anu mangaruhan kana pangajaran saperti, kasiapan rarancang saméméh ngajar nyaéta modul ajar, bahan ajar jeung média pangajaranna anu kudu disiapkeun kalawan lengkep. Satuluyna, prosedur pangajaran anu dilaksanakeun nyaéta *pretest* pikeun mikanyaho kamampuh awal siswa saméméh maké média *wordwall*, *treatment* maké média *wordwall* dina matéri pangajaran maca aksara Sunda, jeung *posttest* pikeun mikanyaho kamampuh ahir siswa sanggeus maké média *wordwall* dina pangajaran maca aksara Sunda. Perangkat média pangajaran anu dipaké dina prosés pangajaran téh dina wangun digital nyaéta *wordwall*. Ieu média *wordwall* téh miboga hal anu kudu diperhatikeun nyaéta tina sisi jaringan, nalika maké ieu média téh kudu mastikeun yén jaringan internétna alus sangkan teu ngaganggu prosés diajar.

5.3 Rékoméndasi

Dumasar kana ieu panalungtikan anu geus dilaksanakeun, aya sawatara rékoméndasi anu ditepikeun saperti ieu di handap.

Tina hasil ieu panalungtikan média *wordwall* mampuh ngaronjatkeun kamampuh maca aksara Sunda. Ieu média *wordwall* ogé bisa dilarapkeun dina matéri tradisi Sunda, sangkan prosés pangajaranna leuwih ngirut. Média *wordwall* ogé bisa diaksés ku siswa sacara langsung hal ieu bisa jadi bahan panalungtikan satuluyna. Dina ieu panalungtikan téh, tangtuna masih loba kénéh kakurangan, ku kituna dipiharep aya panalungtik anu bakal nalungtik ieu média *wordwall* leuwih jembar deui.